

AVI KONSÈNAN DWA ANPLWAYE YO POU NOUNOU, BÒN AK Lòt TRAVAYÈ DOMESTIK YO

Daprè Lwa Vil New York sou Tan Konje Maladi Peye (Lwa sou Konje Maladi Peye), travayè nan kay yo gen dwa pou gen konje maladi ak sekirite. Ale sou nyc.gov/PaidSickLeave pou jwenn plis enfòmasyon konsènan lwa a.

Travayè nan kay ki travay dirèkteman pou patwon fanmi endividyèl yo dwe resevwa yon avi alekri nan men patwon yo lè yo kòmanse travay oswa nan dat 4 jen 2018, pou pita.

OU GEN DWA POU JWENN KONJE POU SEKIRITE, epi ou ka itilize li pou mande èd oswa pran lòt mezi pou sekirite si ou menm oswa yon fanmi w te viktim nenpòt ki zak oswa menas vyolans nan kay oswa kontak seksyèl endezirab, talonnaj oswa trafik moun.

OU GEN DWA POU JWENN KONJE MALADI, epi ou ka itilize li pou swen ak tretman pou tèt ou oswa yon fanmi.

ANPLWAYE LWA A PWOTEJE/PA PWOTEJE:

Pwoteje	Pa Pwoteje
<p>Ou se yon travayè nan kay lalwa pwoteje si w ap travay dirèkteman pou yon kay oswa yon fanmi epi ou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • pran swen timoun • bay swen sante pou granmoun, moun ki malad, andikape oswa moun k ap refè anba yon maladi. • ofri sèvis ki gen rapò ak travay nan kay tankou fè manje epi pwòpte 	<p>Yo <i>pa</i> konsidere w tankou yon “travayè nan kay” anba lwa a epi, kidonk, ou p ap jwenn pwoteksyon si ou fè travay ki dekri nan kolòn en (1) an pou yon kay pa lentèmedyè yon patwon ajans.</p> <p>Anplwaye ajans yo bay travay ta kapab benefisye plis pase 40 èdtan konje peye ak konje maladi tankou yon anplwaye devan lalwa. Ale sou nyc.gov/PaidSickLeave pou jwenn plis enfòmasyon konsènan ki anplwaye ki pwoteje anba lwa a. Yo kapab konsidere w antanke yon “travayè nan kay” selon lwa Travay Eta New York yo epi w ap gen dwa pou resevwa pwoteksyon adisyonèl yo.</p>

KANTITE KONJE POU SEKIRITE AK MALADI:

- Apre yon (1) ane nan travay la, yon anplwayè kapab resevwa de (2) jou konje peye ak konje maladi peye chak ane. Konje sa a se yon diplis sou twa (3) jou repo peye ou gen dwa pou resevwa anba Lwa Travay Eta New York. Ale nan sitwèb, labor.ny.gov epi chèche “Domestic Workers’ Bill of Rights” (Deklarasyon Dwa Travayè nan Kay) pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa w yo devan lalwa Eta a.

DAT KONJE POU SEKIRITE AK MALADI DISPONIB POU UTILIZE:

- Ou kapab kòmanse itilize konje maladi nan dat premye (1) avril 2015 oswa yon (1) ane apre ou kòmanse travay ou, kèlkeswa sa ki pi ta a.
- Ou kapab kòmanse itilize konje nan dat 5 me 2018 oswa yon (1) ane apre ou kòmanse travay ou, kèlkeswa sa ki pi ta a.

REZON KI AKSEPTAB POU SÈVI KONJE POU SEKIRITE AK MALADI:

Ou ka itilize konje pou sekirite ak maladi nan travay ou lè:

- Ou gen yon maladi mantal oswa fizik, aksidan oswa pwoblèm sante; ou bezwen jwenn yon dyagnostik medikal, swen oswa tretman pou maladi mantal oswa fizik, aksidan oswa pwoblèm sante; ou bezwen jwenn swen medikal prevantif.
- Ou bezwen pran swen yon manm fanmi ki bezwen dyagnostik medikal, swen oswa tretman pou yon maladi mantal oswa fizik, yon aksidan oswa yon pwoblèm sante oswa ki bezwen swen medikal prevantif.
- Biznis patwon ou an fèmen akòz yon ijans sante piblik oswa ou bezwen swen pou yon timoun lekòl oswa gadri li fèmen paske gen yon ijans sante piblik.
- Oumenm oswa yon fanmi ou gendwa viktim nenpòt zak oswa menas vyolans nan kay oswa kontak seksyèl endezirab, talonnaj oswa trafik moun, epi ou bezwen pran aksyon ki nesès pou restore sante fizik, sikolojik oswa ekonomik oswa sekirite oumenm oswa fanmi ou an oswa pou pwoteje moun ki asosye oswa travay avèk ou, tankou:
 - Jwenn sèvis ki soti nan yon chèltè pou viktim vyolans nan kay, sant kriz pou kadejak oswa lòt pwogram sèvis.

- Patisipe nan planifikasyon sekirite, deplasman oswa pran lòt aksyon pou pwoteje sekirite ou oswa fanmi ou, tankou enskri timoun nan yon nouvo lekòl.
- Rankontre avèk yon avoka oswa yon founisè sèvis sosyal pou jwenn enfòmasyon ak konsèy ki gen rapò ak gadri; vizit; pwoblèm maryaj; lòd pwoteksyon; imigrasyon; lojman; diskriminasyon nan travay, lojman oswa kredi konsomatè.
- Depoze yon rapò ensidan vyolans nan kay opre lapolis oswa rankontre avèk yon avoka distri a.

MANM FANMI YO:

Lwa a rekonèt moun sa yo kòm "fanmi:"

- Nenpòt moun ki gen asosyasyon pwòch ak anplwaye a se ekivalan fanmi
- Timoun (byolojik, adopte, oswa timoun nan fwaye dakèy; gad legal, timoun yon anplwaye nan plas paran *in loco parentis*)
- Pitit
- Mari/Madanm
- Moun ki plase
- Paran
- Granparan
- Timoun oswa paran mari oswa madanm yon anplwaye oswa moun ki plase
- Frè/Sè (ki gen ladan demi frè oswa sè, frè oswa sè adopte, oswa bèlsè/bofrè)
- Nenpòt lòt moun ki gen rapò san ak anplwaye a

AVI DAVANS:

Si ou ka prevwa bezwen an, patwon ou ka egzije yon avi sèt (7) jou davans pou bay entansyon ou pou itilize konje pou sekirite ak maladi. Si ou pa ka prevwa bezwen an, patwon ou ka egzije pou bay yon avi davans si li pratik pou ou fè sa.

DOKIMAN PRÈV:

Patwon ou ka egzije pou w bay dokiman prèv si ou pral itilize plis pase twa (3) jou travay youn dèyè lòt pou konje pou sekirite ak maladi. Lwa Konje pou Sekirite ak Maladi a entèdi patwon yo egzije pwofesyonèl swen sante yo presize rezon medikal pou konje maladi a oswa egzije dokiman pou konje pou sekirite ki endike detay nenpòt ki zak oswa menas pou vyolans nan kay oswa kontak seksyèl endeszirab, talonnaj oswa trafik moun. Gen lòt lwa ki ka egzije pou pataje enfòmasyon yo.

OU GEN DWA POU PATWON OU PA PRAN REVANCH KONT OU PASKE OU TE ITILIZE KONJE POU SEKIRITE AK MALADI.

Patwon ou pa ka pran revanch kont ou paske:

- Ou mande ak itilize konje pou sekirite ak maladi.
- Ou pote plent pou swazidan vyolasyon lwa a opre DCA.
- Ou diskite avèk nenpòt moun, tankou yon kanmarad nan travay la, konsènan nenpòt ki vyolasyon lalwa ki ta ka genyen.
- Ou patisipe nan yon pwosedi tribinal konsènan yon swadizan vyolasyon lwa a.
- Ou enfòme yon lòt moun sou dwa potansyèl moun sa a genyen.

Revanch gen ladan nenpòt menas, disiplin, revokasyon, retire grad, sispansyon oswa rediksyon nan èdtan ou, oswa nenpòt lòt aksyon travay negatif kont ou paske ou egzèse oswa w ap eseye egzèse nenpòt dwa lwa a garanti ou.

OU GEN DWA POU DEPOZE YON PLENT.

Ou ka depoze yon plent opre DCA. Pou jwenn fòm plent la, ale sou sitwèb nyc.gov/PaidSickLeave oswa kontakte 311 (212-NEW-YORK deyò NYC).

DCA ap mennen yon ankèt epi eseye jwenn yon solisyon pou plent ou a. DCA ap kenbe idantite ou sekre amwenske li nesèsè pou revele enfòmasyon yo pou mennen ankèt la, rezoud plent lan oswa si lalwa egzije sa.

Kenbe yon kopi avi sa a ak tout dokiman ki montre kantite konje pou sekirite ak maladi ou te akimile ak ki kantite ou te itilize.

Nòt: Lwa Konje pou Sekirite ak Maladi yon Anplwaye Genyen (Earned Safe and Sick Time Act) etabli egzijans minimòm pou konje pou sekirite ak maladi. Règleman anplwayè apou konje gendwa te deja satisfè oswa depase egzijans lwa a fikse.

Ou gen dwa pou resevwa avi sa a nan lang Anglè epi si li disponib sou sitwèb DCA a, nan lang natifnatal ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ki gen ladan Kesyon moun poze souvan, ale nan nyc.gov/PaidSickLeave oswa rele **311** epi mande enfòmasyon sou Konje Peye pou Sekirite ak Maladi.